«ЦХЬАНА ЗАМАНЧОХЬ ДУНЕНАН ДУККХА А КЪАЬМНАША СИЙДЕШ А, ІАМОШ А ХИР БУ НОХЧИЙН МОТТ»
*Шайх Митаев Іела*

Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – I степени в 2010 году

Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.

...я считаю что эта газета должна быть
4.05.2004.
*А.-Х. Кадыров*

# Исламан зІаьнарш

أشعّة الإسلام

*Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»*

Дала бакъо толайойла!
*Кадыров А.-Х.*

Арахеца долийна І990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября І990 года

2017-чу шеран май беттан 11-гІа де
11 май 2017 год № 9 (386)

***БУСАЛБАНАШ! ВОВШИЙН ДЕЗАЛАШ. ВОВШАШНА ГІО ДЕЛАШ. БАККЪАЛ А ВОВШИЙН ВЕЖАРИЙ ХИЛАЛАШ.***
*(Кунта-Хьаьжа)*

## Иэсан а, лазаман а денца доьзна

# НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН КУЬЙГАЛХОЧУН, РОССИН ТУРПАЛХОЧУН КАДЫРОВ РАМЗАНАН КХАЙКХАМ



**Хьомсара махкахой!**

Иэсан а, лазаман а дийнахь вай юха а дагалоьцу нохчийн халкъо лайна бохамаш, Іазапаш, къизаллаш. Историн ерриге а йохаллехь къизачу зерех – махках дахарх, тІамех, Іазапех чекхдийла дезна вайн. Вайн декъана кхаьчначу бохамаша ирча лар йитина: йохийна, аьтта гІишлош, хІаллакьхилла, бІеннаш эзарнаш нах, тІепаза байна эзарнаш, хьаькхна дІаяьхна гІаланаш, ярташ.

Оцу халчу хенехь хьере хилла халкъ орца дохуш дара. Амма гІо-орца кхача меттиг яцара. Халкъ цхьаьнатоха, иза шена тІаьхьа хІотто хьекъал, хьуьнар, ондда лаам, генна хьалха дерг ган хууш тхьамда оьшура. Оьшура халкъан дуьхьа шен дахар дІадала кийча волу стаг. Иштта ниг хилла дІахІоьттира Нохчийн Республикин хьалхара Президент, Россин Турпалхо Кадыров Ахьмад-Хьаьжа. Халкъан кхоллам къаьстачу оцу чолхечу муьрехь Нохчийн Республикехь а, цуьнан бахархойх а долчу жоьпаллин дукъ шен белшаш тІе ийцира цо. Цуьнан ницкъ кхечира и адамаш цхьаьнатоха, маьршачу дахаран некъа тІе даха.

Кадыров Ахьмад-Хьаьжас а, цуьнан тешамечу эзарнаш бІанакъосташа а шайн дахар ца кхоийра нохчийн махкахь машар а, токхо а, синтем а хилийтаран дуьхьа. Цара ларйира Россин цхьаалла а, йозуш ца хилар а. Цуьнан некъаца дІадоьлхуш долчу вай йохийна дІаяькккхира Нохчийчуьра дуьненаюкъара терроризм, меттахІоттийра республика, нохчийн халкъан юха а дика цІе яккхийтира.

Цуьнца цхьаьна вай юкъадаьккхина иэсан а, лазаман а де. Вай и дина Нохчийн Республикин халкъашна шайн историн гІайгІане агІонаш дагахь лаьттийта а, уьш кхин цкъа а ца хилийта вайх дозуш дерг дерриге а дайта а. Оцу дийнахь вай сагІанаш доху кхелхинчу вайн махкахошна тІера, хиллачу весашна а, цатемашна а вовшашна къинтІера а довлу. Вайн сийлахь декхар ду оццул беза мах а луш вай баьхначу кхиамийн хама бар, уьш кхин а алсамбахар.

Россехь а, бакъонца, уггаре а кхерамза а, бегІийла а, синтеме а йолчу цхьана регионехь Іаш ду вай. Вай доьшаш ду, кхуьуш ду, гІишлошъеш ду, спортехь гІуллакхаш деш ду, экономика, культура кхиош ду. Оцу дерригено а таро елла вайна Нохчийн Республиках махкахь уггаре а сиха кхуьуш йолчу регионех цхьаъ йина дІахІотто. Тешна ву вайн коьрта кхиамаш хьалхахьа хиларх.

Хьомсара доттагІий! Лаьа шун доьзалшкахь ийман, беркат, токхо лаьттийла, шун ондда могашалла, кхиамаш, маьрша дахар хуьлийла.

# КЪОМАНА БЕРКАТ ДЕЛИРА ЦУНАХ

Лорсанукаев Увайс

***«Эхь дар-кх вайна, цуьнан даге хьаьжна ца хилча…***
***Эхь дара вайна, цо шен доІанашкахь дукха ехна бакъо,***
***Делан пурбанца, толийта ца хьаьвсича…***
***Эхь дара вайна, ваьш вовшашца а, дуьненца а бакъ хиларца цу***
***дикчу къонахчун а, вешан а сатийсам кхочушбан ца гІоьртича…»***

**Абдулаев Леча**

Цхьа стаг шен оьмарехь кхочушдан кхуьуш долу гІуллакхаш дукха хуьлуш дац. Ша диначарех цхьа-ши хІума адамашлахь даха дисича а, цунах тоам бина ца Іаш, воккхавевойла ду. Ткъа Кадыров Ахьмад-Хьаьжех дерг аьлча, дагардина цавалалал, дукха ду цунах вайн къомана девлла беркаташ. Тахана Нохчийчуьра хьал Іаламат дикачу хорша а дирзина, адам паргІат даха доладелча а, вайна диц ца ло Ахьмад-Хьаьжас вайн къоман а, мехкан а дуьхьа шен са ца кхоош, хьегна къа, дина некъаш.

Ахьмад-Хьаьжа хила ма-веззара вайн мехкан тхьамда вара. Иза вайна чІогІа оьшура. Амма Делан кхиэл ца лелча цаяларна, дІавахара иза. ДІавахара, шен декхар дуьззина кхочуш а дина, халкъана гергахь гуттаренна сий а дуьсуш. Далла гергахь, Дала мукъ лахь, шахІидан дарже а кхочуш.

Хастамечу Далла дика хууш хиллера, Нохчийчоьнан коьрте мила вало веза а, стенна тІехь, муха аьтто цуьнан бан беза а. Тахана куьг кхочехь болчу нахе ладоьгІча а хаьа, нохчаша Ахьмад-Хьаьжас шайн дуьхьа дІа мел ловзийначу коган а, дІааьлла я алаза дисинчу дешан а хама-пусар дойла. Нохчашна дика хаьа, шайн паччахь лаьттина волчу Кадыровс шайн дуьхьа шен са а, дахар а ца кхоийнийла. Нохчийчохь садоьІу дегІ мел деха, дицлур доцу совгІаташ ду Ахьмад-Хьаьжас шен къомана а, махкана а динарш. Машаречу дахаре неІарш схьайиллина, къомана шен кхане гайтар – иза ду-кх вайна а, вайн тІаьхьенашна а дицлун доцург.

Цхьацца хийцамаш хаало вайн къоман кхетамехь а. ХІинц-хІинццалц обаргех къоман турпалхой а беш даьхнехь а, тахана шен бакъболчу къонахех масал оьцуш, царах Іемаш, схьадогІуш ду къам. Иза бу Ахьмад-Хьаьжа бахьанехь вайна хиллачу баккхийчу пайданех боккха пайда. ТІом кхирстина мехкаш меттахІиттадар аттачех гІуллакх дац. Оцу балхана хан-зама эшарал сов, и болх бан ондда лаам, хьуьнар, ницкъболу адамаш а оьшу. Бакъдерг ду иза, оцу декъехь дика тІаьхье йитина Ахьмад-Хьаьжас. Цо хаьржинчу новкъара ца вала нигат долуш ву тахханлера вайн мехкан Куьйгалхо Кадыров Рамзан. Дикане сатийсар де-дийне мел дели алсамдуьйлуш, хьаналчу къинхьегамца шен доьзалан а, мехкан а хьал тодан, лакхадаккха ойла йолчу вайн махкахойн могІанаш а ду шорлуш, дебаш. «Лууларчу къаьмнел оьшуш доцуш Іен а, даха а дезаш ду вайн къам», – олура Ахьмад-Хьаьжас.

Ахьмад-Хьаьжа цІена, хила ма-веззара нохчи вара. Иза къонах вара. Ахьмад-Хьаьжа хІинца а вайца ву. Вайн дегнашкахь, ойланашкахь. Цуьнан сийлахь цІе даима а ехар ю халкъан иэсехь. Вайн халкъан дуьхьа вехира иза, вайн халкъан дуьхьа дІа а делира цо шен са. Дала декъалвойла Ахьмад-Хьаьжа!



**ВОККХА-ХЬАЬЖИН ЗЕРАТ**

Сесана. Эвлаяъ Ташу-Хьаьжа (халкъо ларам беш, Воккха-Хьаьжа олий, йоккху цуьнан цІе) дуьненчу ваьлла, архивни тептарша дийцарехь, І770-чу шарахь Дагестанерчу ГІумкийн Эндире юьртахь. І820-чу шарахь ша винчу юьртахь маьждиган имам хаьржина Ташу-Хьаьжа. Цунна Іилма Іамийна, хьалха, цигарчу Іилманчас СаІида Аракканскийс, цул тІаьхьа накъшбандин тІарикъатехь гІараваьлла вевзаш волчу Мохьаммадал ЯрагІис. Цуьнан мурд хилла а, цо кхиийна, эвлаяан дарже ваьккхина а ву Воккха-Хьаьжа.

Цхьана бахьаница, Делан пурбанца, шен юьртара араваьлла, вайн махкахь, Сесена юьртахь ваха,Іен охьахуу Воккха-Хьаьжа. І843-гІа шо тІекхаччалц, цигахь хуьлу цуьнан вахар, оцу юьртахь Делан кхиэле дІа а воьрзу, цигахь зерат ду цуьнан.

***Заурбеков МаcІуд***

## ИЭСАН А, ЛАЗАМАН А ДЕ

Иэсан а, лазаман а де аьлла, май беттан І0-гІа де билгалдаккхаран шен шуьйра маьІна ду. Нохчийн халкъан силсилехь мел хилла Іаьржа хиламаш дагалецаран шатайпа де ду и. Дуьненчохь мел деха къаьмнаш а дийлина бохамех чекх, уьш кегий я даккхий хиларе хьаьжна доцуш. Амма вайна къаьсттина Іаьткъина яьхкина и чолхе заманаш, шайца тешнабехк а, ямартло а йохьуш, уггаре а вайна лазаме а хеташ, къурд а бина, дицдан хала а долуш.

Вайх муьлхха а стаг сацийна, цуьнан дахаран дийцаре ладогІа хІоьттича, цхьа а вац исторехь еанчу тІеман заманаша юкъаозийна, вагийна, Іаьвшина я цхьана къизачу харцоно чахчийна воцуш. Юха ойлайо ахь цкъацкъа, вай-м даьхна хила а ма ца хилла. Ма-дарра аьлча, хене дийлина-кх, далаза дийна дисарна. Цундела цу денойх хІоранна а бу-кх шен боккха лазам, цкъа а бицлуш а, шеллуш а боцуш.

ХІоразза а зама хийцалучохь халкъан тоьлла кІентий а гІовтуш хилла, орцахбовла, къам балех хьалхадаккха. Къилбаседа Кавказехь хьовха, ерриге Россехь а, цуьнан дозанел арахьа а цІеяххана, гІарабевлла бевзаш къонахий а хилла уьш. Иштта чарех ву Нохчийн Республикин Хьалхара Президент, Россин Турпалхо Кадыров Ахьмад-Хьаьжа. Иштта чех ву Ахьмад-Хьаьжин кІант Кадыров Рамзан а. XX-гІий, XXI-гІий бІешерашкахь керла юкъабеанчу ваххабистийн кхерамна а, дуьненаюкъарчу терроризмана а дуьхьал тІом болийна, нохчийн халкъ паргІатдаккхарехьа къовсам дІаболийра цара...

ХІара керла гІулч ю, цу вонийн еха зІе хадо яьккхина, машаре дахар кхин доха ца дайта. Россин пачхьалкхехь шен конституцин бакъонаш а, къоман кхане а Іалашъян вайн республикехь бегІийла хьал кхолла, исторехь мел хилла бохамаш, тезеташ, вайн тІепаза байна бехк боцу бахархой биц ца бан, вонийн неІ дІакъовла, кхин цкъа а и цхьаьнгга а ца еллийта!

Нохчийн халкъ а нохчаллехь дахийта, нохчийн мотт, дайн сийлахь бусалба дин, Іадаташ Іалашдина, вайн мехкан Іер-дахар тадеш, къондеш дІахІитта деза вай, хьаналчу къинхьегамехь гулдинчу рицкъаца, могаш-маьрша вайн кхане, къона чкъор кхиош. ХІоранна а хаа, диканаш дукха хьехоро диканаш алсам дохийла. Цундела вайн АллахІ-Далла хастам а беш, вайн дахар хаздар ду-кх вайх хІоранна тІехь!

***Тагаев Сайд-Хьасан***

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

Ларамe газетдешархой! ХІокху газет тІехь язйина АллахІан еза цІерш а, Къуръанан аяташ а ду. Газетан редакцино дехар до хІара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацаккхиссар

№ 9 (386)
Исламан зӀаьнарш
أشعة الإسلام
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»
Дала бакъо толайойла! Кадыров А.-Х.
Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – 1 степени в 2010 году
Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.

* 10 МАЙ – ИЭСАН А, ПАЗАМАН А ДЕ! * 10 МАЙ – ИЭСАН А, ПАЗАМАН А ДЕ! * 10 МАЙ – ИЭСАН А, ПАЗАМАН А ДЕ! * 10 МАЙ – ИЭСАН А, ПАЗАМАН А ДЕ! *

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

## НАХА ХОЬТТУ – ШАЙХ ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖАС ЖОЬПАШ ЛО

**Стага ша юххур йолчу хӀуманца цхьана стагаца барт бо, ша хӀара хӀума хьуний бен юххур яц, ша дош ло хьуна, олий. ТӀаккха цул тӀаьхьа – кӀира, ши кӀира даьлча, я кхин а алсам хан-зама яьлча, шена жимма ахча дукха лучу кхечу стагана юкку цо. Ткъа вукхо, ахь шена юххур ю аьлла дош деллера, хӀинца схьайохка олу, оцу юккучун и кхечунна йохка бакъо юй?**

Вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Кхечун механа тӀехь мах ма бойла, кхечун захалонна тӀехь захало а ма дойла». Мах беш стаг велахь, оцу мехах со дӀахьаьвзи, хьайна луъучунна йохка, хьоьца барт ца хуьлу сан аьлла, и мах буьйцуш волу стаг букъ тоьхна дӀаваллалц, я «ас дити хӀара гӀуллакх» аьлла, багах дош аллалц и хьалха мах дӀаболийнарг, Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадиса тӀе а доьгӀна, бакъо сов йолуш ву. Цуьнца ша мах буьйцур бу аьлла волчу вукхунна, хӀума юххуш волчунна, тӀехь ду цуьнца шен болийна мах саццалц, я хилла, я хаьдда ца хилча, кхечуьнца мах цаболабар. Ас хьуний бен юхкур яц аьлла делла дош, шена лаахь лардан а, шена ца лаахь, ца лардан а шен бакъо ю юхкуш волчун. И шена гӀиллакхе хетахь, лардийр ду цо шен дош, ца хетахь – лардийр дац. И дош деллера аьлла, декхаре вац иза мах цуьнца бан, мах сецна баллалц йолчу заманчохь шен мах сацо, шен мах дӀабахийта шен лаамехь ву иза. Цо дош деллера аьлла, декхаре вац иза. Цунна я кхечунна йохкарх, мах хир бац олийла дац. Ахь шега дош деллера, ахь и чекх хӀунда ца даьккхи аьлла, оьцуш волчун дов лелон шариӀатехь бакъо яц. Мах сецна бац. Ас хьуна йоьхки, ас хьоьгара ийци аьлла, и ши дош цаьршинна юккъе леллалц йолчу заманчохь дохнан да маьрша ву, шена лаахь цуьнца мах бан, шена ца лаахь, мах ца бан.

**Бажа цӀабогӀучу хенахь, цу бажана дуьхьал ца воьду стаг. ШолгӀачу дийнахь шен етт цӀа беана бац, шен етт такха олу цо. Ткъа Ӏуьно стаге хаьттича, хьо бажана дуьхьал веарий аьлла, ша хьан етт юьрта чу ма балийра аьлча, и Ӏу кӀелхьараволуш ву я вац? Цо такха безаш бу и етт я бац?**

Бажа дӀабахийтаран шен-шен ахькамаш, законаш ду. Оцу юьртахь барт хиллачу хӀуманна тӀехь лелаш бакъо ю, масала: цхьана юьртахь арабаьлла болу бажа Ӏуьнна гуш бац, ерриг колл яьлла ю, я хьуьн чохь бу бажа. Иштачу хьолехь дайна долу бежана токхуш дац аьлла дина хьукма ду. ХӀунда аьлча, и Ӏалашдан, цунна гобаккха цуьнан ницкъ кхочур бац. Бехке хир ву Ӏу, цуьнан ледарло бахьана долуш, Ӏуналла дан йиш йоллушехь, бежана дайнехь, тӀаккха и такха декхаре ву иза. Иштта суьйранна бажана дуьхьал вахана волчу стага дӀахаийта деза Ӏуьне, нагахь шен бежана цӀа ца деанехь. Амма суьйранна дуьхьал а ца воьдуш, кхана шена дагадеанчу хенахь, шена шура хьашт хиллачу хенахь иза тохавелча, Ӏуьнна тӀе дов эцна водахь, стаг харц хир ву. Токхур ду аьлла барт бинчу Ӏуьнна и даьхни Ӏуьйранна дӀадигина дӀадала деза цо, юха суьйранна уьш цӀа дало дуьхьал ваха веза и.

## 1АЬРБИЙН ХЬЕКЪАЛЕРА

Беркате догӀа дохьуш еаначу, шена тӀаьхьа хаза лар юьтий, йоьдучу марханах тера хила хьо.

---

Хьуна ма мотталахь, стиглахула мел йогӀу марха хьуна догӀа дохьуш йогӀур ю. Царах цхьаерш хьуна маьлхан нур дӀакъовлан бен йогӀур яц хьуна...

---

ГӀиллакх хиларо – лардо къам. ГӀиллакх дицдаро – дохадо къам.

---

ЛадогӀа, велакъажа, цул тӀаьхьа, ца хезча санна, дицде. Дала къинхетам бина доттагӀаллин дуьхьа воних дицдинчух. Дог цӀена хилар эхь дац шуна. Ша ца кхетча санна, воних тергал цадар, Ӏовдалалла яц шуна. Вовшашна къинтӀера довлар гӀорасиз хилар а дац шуна. И дерриге а Ӏибадат а, кхетош-кхиор а ду...

***Ӏаьрбийн маттера гочдинарг – Тимералиев Ахьмад***

*Чанчаев Шамсудди*

# ДИЦЛУН ДОЦУ ШИ ДЕ

Ахьмад-Хьаьжа (Дала декъалвойла иза) Нохчийн Республикехь муфти волу шераш дара д1адоьлхурш. Ша, леррина де нисдой, ваг1ахь а, я нахана иштта хетахь а, 1едалан г1уллакхна Хьалха-Мартант1е вар, дукхахьолахь, п1ераскан дийнахь нислора цуьнан, олура наха. Ша вог1ушшехь (рузбане ша кхиъчахьана тоьаш), ша деана г1уллакх чекх а доккхий, цул т1аьхьа, шен рузба дан вог1уш 1едал дара цуьнан. Ахьмад-Хьаьжин цкъа а 1едал дацара, я хьалхе яккха г1ерташ а, я хьалхарчу мог1аре хаа г1ерташ а. Ахьмад-Хьаьжа рузбанахь даима а шолг1ачу мог1аре хуура. Хьалхе дуьйна, имама беш болу хьехамаш кхачам боллуш схьалацаран 1алашонца, имамана дуьхьал, оцу шолг1ачу мог1ара хууш хуьлура со а. Ахьмад-Хьаьжа ша, лакхарчу даржехь берш, деза духарш дерш лакхара хетта, я цхьана даржехь боцу мог1арера нах лахара хетта, дехье-сехье къестош воцуш, шен дахарехь озабезамаш боцуш, нахана юкъара къонах вара. Цундела, шена улло нисбелчарна, цхьа а къеставар доцуш, массарна а цхьабосса мара а кхетий, могаш-парг1ат а хоттий, хуура охьа. Цундела хила тарлора, даима бохург санна, сан охьахаар Ахьмад-Хьаьжина уллохь нисвалар а.

Х1етахь Хьалха-Мартант1ехь Ахьмад-Хьаьжас ша х1оттийна, шена хьалхе дуьйна хьенан-мила ву хууш, вевзаш волчу 1абдалг1анин к1ант 1абдал-Керим вара юьртан къеда.

1абдал-Кериман да 1абдалг1ани генна ваьлла, дешна 1еламстаг хилар, кху Мартант1ехь хиъна-вевзина ца 1аш, Атаг1ара дуьйна схьа шайнна Къуръан хьехийта нах а бог1уш, 1еламстаг вара. Оцу Атаг1ара вог1учарех цхьаъ Муди Абубакар вара. Абубакар ша 1абдалг1анига хьехийта Мартант1е вог1уш, йоьду-йог1у машен сацайой, шофер х1ара д1авига дагахь сецча, т1е ца хууш, «Къуръан 1амо воьдуш-вог1уш, г1аш д1асавахча, мел алсам бу» олуш шена хезна дела, даима а г1аш д1асавоьдуш 1едал дара цуьнан.

Къуръанан 1илманехь шен дега 1абдалг1анига д1а ца кхачахь а, дукха т1аьхьа висина вацара цуьнан к1ант, 1абдал-Керим а. Цундела цуьнан рузбанахь беш болу хьехамаш а шеггара вовшахтесна боцуш, даима а Къуръанна, жайнаш т1ера хуьлура. Цундела нехан кхетаме дика д1а а кхочура.

2002-чу шеран апрель бутт юккъе боьдучу цхьана п1ераскан дийнахь шен белхан г1уллакхна Ахьмад-Хьаьжа веара Мартант1е. Цу дийнахь, шен белхан г1уллакх чекх а даьккхина, рузбана веана волу Ахьмад-Хьаьжа, рузба чекхдаьлча, (1абдал-Кериман дехарца) т1аьхьа а сецна, Ахьмад-Хьаьжин, 1абдал-Кериман цхьаьнакхеттар хилира. (1абдал-Кериман доьзал генна хьалха дуьйна а суна бевзаш бара. Ша суна т1е моссаза кхечи, дукхахьолахь, цо хьахош дерг вайн адам махкахдаккхар хуьлура). Х1инца веъча а, 1абдал-Керима шен дагахь цхьа 1алашо йолуш, соьга а шаьшшинна т1екхайкхира. 1абдал-Керима, шена дагахьбаллам латтош, Ахьмад-Хьаьжига хатта кечдина ши хаттар хиллера.

«Ахьмад-Хьаьжа, тхан ден цхьана жайни т1ехь дешна ас. Дала, цхьана меттера бусалба адам 1есадалахь, ша царна т1е керстанан ж1алеш хоьцур ду. И адам шайна юккъера 1осалла д1а а яьккхина, иймане даллалц, и керстанан ж1алеш царна т1ера д1а а дохур дац Ша, аьлла яздина. 1944-чу шарахь адам махкахдаккхар а, х1инца х1ара вайна гина т1емаш а адаман 1осалла совъяларца ду-те? Со ч1ог1а шекволуш, ца кхета-кха кху балхах», – аьлла, хаьттира 1абдал-Керима.

Ахьмад-Хьаьжас, шега диначу хаттарна дуьхьал жоп луш, элира: «1абдал-Керим, кху дуьненан 1аламехь адамана дикачу аг1ор а, халачу аг1ор а т1ех1уьтту бахьанаш, дийцина цаваллал, инзаре дукха ду. Вайна ма-хаъара, лакхарчу даржехь болчеран лахарчу мог1арерчу белхалошка хьажар-ладог1ар ч1ог1а лахделла ца 1аш, д1адаьллера. «Хьо хьалавоьдуш, «даржан» дечиган генаш а кегдеш, хьалаводахь, юха чувог1уш, т1е ког баккха га а доцуш, вуьсур ву хьо», олуш кица ду. Мел лакхара а, лахара а даржехь волчо, шен цхьа сингаттам бохьуш т1евеанчуьнга, кхачам боллуш, ладог1а дезара. Цо шена т1едеана г1уллакх, шен ницкъ кхочучу барамехь дан а дезара. Т1евеанчо бохург дан шен ницкъ ца кхачахь, и т1евеанарг д1а ца човхош, и кхачам боллуш кхетийна, цунна синтем а бина, вахийта везара. И д1ададьллера вайн лакхарчу даржехь болчаьргара. Шен рог1ана иза а 1осалла яра».

Кхид1а а шен къамел д1ададьхьира Ахьмад-Хьажас. «Кху харц дуьненан бахамо адам 1ехадо. Бахамах 1ехаделлачу адамо эхартан ойла ца йо, шен вала дезар дицдо. Цунна бен а дац, и бахам шена карабеъчахьана, хьарам-хьанал некъаш ца къестош, мухха и шен хилча а. Цо ойла ца йо, х1ара суна карабеъна дуьненан бахам, ас бинчу балхаца, ас хьегначу къица бог1уш буй-те сан, аьлла. Кху дуьненахь мел дукха бахам шен кара кхачарх, цунах кхачам а бина, тоам ца беш, шен ойланца х1ара дерриге а дуьне маралаца лууш, мор баржийна лелаш берш дукха бу. Иза а 1осалла ю, Делах цатешар ду. И 1осалла берриге а махкахула д1асаяьржа. Кху дерриге а дуьненахь Ша кхоьллинчу, садолчу массо а х1уманна рицкъа латтош ма ву вайн Дела. Муьлхха хьайба а, экха а ша тховса дуьзнехь, кхана хиндолчуьнга ца хьоьжуш д1а ма тоь. Ткъа хьайбанах хьекъалца къастош кхоьллина долу адам, тховса цкъа ша дузар-м дуьйцийла а яцара, шен дахарехь шена а, шен доьзална а тоьар болуш бахам шена гуш лаьтташ белахь а, цунах кхачо ца йо. Шена гонахара, уллора адам шен б1аьргашна хьалхахь гуш, леш д1адолуш долушшехь, х1етте а шен вала дезаран, эхартан ойла ца йо. Кху дерриге а дуьненан бахам шен долахь хилча а, адаман б1аьрг буьзна, 1ебаш бац. Цундела аьлла ду, адаман б1аьрг лаьтто бен 1абор бац. Адам лаьттах схьадаьлла а ду, юха латта хила дезаш а ду. Адамана шен 1ожалла мичахь ю, маца ю хууш дац. Адам, сингаттамна хьере хир долу дела, Дала адаман шен садалар маца хир ду хаа яздина дац. Дуккха а 1еламнаха Къуръана т1ера, жайнаш т1ера, мел дукха бахам хьан долахь белахь а, мел лакхара даржехь велахь а, муьлхха а, вала везар дуьйцуш, хьехамаш бахь а, дуккха а адамашна шайна хьалхара аре а, шаьш лела некъ а шуьйра а, шера а хилча, 1еламнаха шайга д1аюьйцуш йолу, шен дег1ах хьерчаш, шайца цхьаьна лелаш йолу 1ожалла дага а ца йог1у. Адамана шена хьалха гушболу некъ шуьйра а, шера а гахь а, цунна ган а ца гуш, и адам доьду некъ, пондаран мерз санна, буьйлина лаьттачу 1ожаллин сера т1ехула доьдуш ма ду. Цу адамана шена гуш а боцуш, ган йиш а йоцуш тесначу 1ожаллин сера т1ехула доьду адам муьлххачу а секундехь гал а даьлла, 1ожаллин карадаха тарлуш ма ду. Цу 1ожаллин кхо киртиг ю дуьхь-дуьхьал х1отта езаш. Царех уггаре а коьртаниг цуьнан кху дуьненара рицкъа кхачийна хилар ду. Шолг1аниг: и адам шен са эца дезачу меттехь хилар ду. (Адам цхьацца бахьанашца, ша а г1урту цу шен са оьцур долчу метте д1акхача). Кхозлаг1ниг – бахьана ду. Цу адаман хьалхара ши киртиг цхьаьнакхеттехь, бахьана х1отта башха ч1ог1а х1ума а ца оьшу. Нагахь хьан дуьненан рицкъа кхачийна, чекхдаьллехь, хьо мел могаш велахь а, хьо мел ларлахь а, хьо-хьуо ваха а г1ерташ, хьайн са оьцу долчу метте д1акхача хьожур ву, кхочур а ву. Вай х1инца хьахийна болу 1ожалло, хьуна ца гуш, буьйлийначу сера т1ера галвала бахьана мичча хенахь а, шерачу меттехь ког шершина, охьакхетта а, бахьана карадо», – бохуш, дукха пайдехь х1умнаш дийцира Ахьмад-Хьаьжас.

1абдал-Кериман шолг1а хаттар, 1944-чу шарахь вайн къам махкахдаккхарх лаьцна дара.

«Ахьмад-Хьаьжа, советан 1едало, вайнахана юккъера шайна бехке хетарш къастийна, д1алийцина а ца 1аш, цхьанна а буьйцуш, гойтуш бехк а боцуш, вайн ши халкъ дерриге а Даймахках а даьккхина, цу Сибрехахь шелонний, мацаллий, шайн боцу хийра мохк ца ловш, ах сов халкъ х1аллак а хилла д1адаьлла вай. Х1инца, оццул бехк а боцуш, х1аллакьхилла адам, я газеташ т1ехь хьахийна а, я книгаш язйина а, истории йина а, цхьанхьа хьахош а доцуш, дуьсуш ду-кха вайн. Ас леррина сацийна волчу х1окху Шамсуддин а, сан а цу т1ехь дуккха а къамелаш хилла. Вай махках дахарехь шена гонаха хилларш-гинарш дукха дика шера дагадог1уш а, яздийр долуш а вара х1ара. И истори язйъеш хилча, дуккха а къахьега деза. Оццул къахьоьгуш язйина истори чекх ца йолуш йисахь, боккха дагахьбаллам хир бу шена бохуш, саготта ву х1ара. Суна-м, миччахь язйина а, муьлххачо язйина а, и вайн дайша цу Сибрехахь хьегначу балийн, 1азапийн истори д1атесна ца юьтуш, вайн т1аьхьенна хаийта, язйина хуьлийла ма лаьара», – элира 1абдал-Керима.

Ахьмад-Хьаьжас, со хьовзош, элира: «И ерриге къайле д1а а лачкъийна 1аш хилла-кха хьо. Язъе-те, ч1ог1а язъе. Москвахь чекхъяккха езахь а, ас чекхйоккхур ю. Х1инца цкъа х1ара адам б1арздина лаьтта т1ом сацийна, д1а а балийтина, и вай ц1ерадахаран г1уллакх караоьцур долуш со суо а вара. Суна дага ца даг1ахь а, вайн дайша ма-дарра дийцина суна Сибрехь шаьш хьегна бала, 1азап», – элира Ахьмад-Хьаьжас. Х1етахь Ахьмад-Хьаьжас аларца язйина чекхъелира сан хьалхара «Сибреха некъ» книга.

Х1етахь хиира суний, 1абдал-Кериманий, Ахьмад-Хьаьжас ша Исламан дешар доьшуш, цунна ледарло ца еш, кхачам боллуш дешна хилар. Цу к1еззигчу миноташкахь Ахьмад-Хьаьжас динчу къамелан чулацам дийнна цхьа книжка язъялла хийтира тхойшинна.

Цул хьалха дуккхазза а Ахьмад-Хьаьжица могаш-парг1ат хоттуш, вистхуьлуш 1ийна хиллехь а, 2002-чу шеран апрель баттахь 1абдал-Кериманий, суний цо хьехамаш бина де дицлур дац суна.

*Увайс Лорсанукаев*

# АХМАТ-ХАДЖИ КАДЫРОВ – ЧЕЛОВЕК СЛОВА И ДЕЛА

Доминирующей чертой его характера – тем, что составляло половину его обмена, – была воля, крайне определенная, крайне напряженная воля, умевшая сосредоточиться на ближайшей задаче и никогда не выходить за круг, начертанный сильным умом, который всякую частную задачу устанавливал как звено в огромной чечено-российской политической цепи…

Ахмат Кадыров обладал отличительно яркой, граненочеткой, глубоко охватывающей всякий предмет и поэтому почти ясновидящей мыслью…

Часто думают (и думают не без основания), что личный характер человека большой роли в истории не играет. В самом деле, отнюдь не отрицая роли личности в истории в известных рамках, мы не можем не склоняться к тому положению, что при этом именно сила мысли, напряженность воли играют первую роль, ведь все остальное исходит от общества… Тот факт, что Кадыров оказался лидером чеченского народа, было предопределено временем. Можно сказать, что в аналогичных исторических и общественных условиях и другие стали бы на эту же точку зрения, только они бесконечно, более ярко эту точку зрения выразили именно в силу объема. Другие же черты характеристики, хотя и великого лица, могут иметь чрезвычайно большое значение для его биографии, но с точки зрения анализа социальной роли эти черты отходят как будто бы на задний план.

Однако у Ахмата-Хаджи Кадырова были некоторые черты, которые глубочайшим образом присущи были именно ему и только ему, и которые, тем не менее, имеют колоссальное социальное значение.

Я хочу остановиться на двух таких чертах, которые особенно бросаются в глаза и которые особенно значительны. Значительны же они потому, что характеризуют Ахмата-Хаджи Кадырова, как богослова и демократа. Этим я не хочу сказать, что они присущи вообще всякому демократу, нет, но они должны быть присущи такому человеку, которого мы хотели бы видеть во главе своего народа, человеку, каким, может быть, каждый из нас хотел бы быть, но каким в подлинно законченной форме был Ахмат-Хаджи Кадыров.

Первая важная черта из них, о которых я здесь говорю, – это отсутствие в Кадырове всякого личничества. Явление это очень глубокое и заслуживает внимательной разработки в чеченской литературе. Я думаю, что это придет со временем, когда вопросы искусства жить станут окончательно на подобающий план.

Мы, конечно, знаем немало мелких людей, которые являются отчасти, даже именно в силу мелкоты своей, необычайными личниками. Лев Толстой сказал где-то, что истинная ценность человека определяется цифрой, которая получается от деления его хороших качеств на степень его самомнения; то есть даже сравнительно талантливый человек, если он обладает большим самомнением, тем самым может оказаться смешным и даже, хуже того, ненужным, вредным; и, наоборот, скромных дарований человек при скромном мнении о себе может быть мил и высоко полезен. Та необыкновенная простота и естественность, которые ему всегда сопутствовали, отнюдь не были каким-то «серым походным мундиром», которым Ахмат-Хаджи хотел бы отличиться от золотого шитья других великих и многих малых людей истории.

Ахмат-Хаджи Кадыров потому внешним образом был чрезвычайно естественен, что он никогда сам себя не наблюдал, никогда своей оценкой не занимался. Никогда не сравнивал своего положения с положением других и весь без конца и края был поглощен работой, которую делал.

В высочайшей степени, в некотором глубоком и прекрасном смысле, Ахмат Кадыров был человеком дела. Конечно, такая преданность делу, такое безусловное, лишенное всякого украшения претворение себя в работника этого дела велико и торжественно только потому, что то самое дело огромно, или, вернее является самым огромным делом. Ахмат Кадыров жил жизнью человечества, прежде всего, жизнью чеченского народа и чувствовал себя и свою борьбу за человечество делом совершенно естественным, целиком наполняющим его жизнь.

Но именно потому, что в Ахмате Кадырове не было совершенно никакого желания свою личность выращивать, поливать, украшать, его личность осталась не только мощной, но и необычно цельной, необычайно характерной, ни на кого не похожей, но могущей считаться для всех образцом. Да, мы все не могли бы высказать лучшего пожелания относительно наших детей и внуков, как быть в этом отношении как можно более близкими к образцу, данному Кадыровым.

И вторая черта, на которой нельзя не остановиться: Ахмат Кадыров был человек необыкновенно веселый. Это не значит, конечно, чтобы сердце его не сжималось, и это не отпечатывалось глубокой грустью при какой-нибудь скорби родных и любимых им жителей Чечни: все земное он принимал очень близко к сердцу, очень серьезно; и все-таки это был необыкновенно веселый человек. Почему же такая радость, такая веселость жила в сердце Ахмата-Хаджи Кадырова? Я полагаю, что она объяснялось тем, что он был до конца практически жизненно верующим человеком. Настоящий верующий видит все тенденции и будущее каждой данной общественной формации.

**P.S.** Отдавая всего себя и всю свою энергию повседневному разрешению труднейших задач, Кадыров прекрасно понимал, что сразу их не разрешить, что сейчас, в данный момент можно заложить только первые камни фундамента, доделать придет молодежь. Вот откуда его огромное внимание к молодежи, откуда те заветы, которые он задал молодежи.

Увайс Лорсанукаев

# ВОТ ОНИ, СОЛДАТЫ ВЕЛИКОЙ ПОБЕДЫ!



Нет общества без памяти, как нет дерева без корней. Память – питательная сила, вливающаяся в сердца новых поколений, наполняющая их добротой и гордостью, стойкостью и мужеством. Память – как сила, память – как действие. Память во имя торжества правды и справедливости, во имя нравственного родства поколений…

Вглядитесь в эту фотографию. На ней запечатлены немногие из ушедших на фронт и уцелевших в Великой Отечественной войне жителей села Гехи. Это – они, великие солдаты Великой Победы. А сколько их не дожило до наших дней! И все они – наша Память.

Кто они, солдаты Победы? (справа – налево) Стоят:

**МАГОМЕД УСТАРХАНОВ.** Призван в армию в октябре 1940 года. Служил в строевой бригаде 62-й армии Киевского военного округа. Участвовал в боях под Сталинградом, освобождал Украину, Белоруссию. Возвратившись в родное село, добросовестно трудился, возглавлял Совет ветеранов.

**ДЖУНИД ЛОРСАНУКАЕВ.** Был призван на действительную военную службу еще до начала войны. Воевал в составе 6-го кавалерийского полка. Со своим ручным пулеметом громил врага под Москвой, Сталинградом, на Курской дуге. Был участником знаменитой танковой битвы под Прохоровкой. Освобождал Харьков, Николаев, Новороссийск, Белгород, столицу Чехословакии – Прагу, где был тяжело ранен.

**РАМЗАН САРДАЛОВ.** Ушел на фронт в 1941 году. Служил в 199-й кавалерийской дивизии под командованием Плиева. С боями дошел до Чехословакии.

Сидят:

**ХАЛИД АЛИМХАНОВ.** 1938 год – боец Красной Армии. Участвовал в битвах под Сталинградом, на Курско-Белгородском направлении, в освобождении Украины, Молдавии.

**БАУДИ ХАСУЕВ.** Ушел на фронт летом 1941 года. Служил в 15-й стрелковой дивизии 2-го Белорусского фронта. Участвовал в освобождении Польши, Венгрии, Югославии.

**ХАЛИД ИСТАМУЛОВ.** На фронте с 1941 года. Воевал в составе 55-го кавалерийского полка. Прошел с боями Украину и Белоруссию.

Вечная слава и вечная память солдатам Великой Победы!

* * *

*Молчат нескошенные травы,*
*К чему высокие слова?*
*Над полем битвы, полем славы*
*Спокойна неба синева.*

*Но сердце бывшего солдата*
*Здесь учащеннее стучит.*
*Полоска алая заката,*
*Как рана старая болит.*

## ДОӀА

Цхьана Ӏаьрбичо Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) коша тӀе а хӀоьттина, доӀа дира боху:

«ХӀай сан Дела, хӀара Хьуна дукхавезаш верг ву-кх, со Хьан лай ву-кх, шайтӀа Хьан мостагӀ ду-кх.

Ахь суна гечдахь, Хьуна дукхавезачунна хазахетар ду-кх, Хьан лай кӀелхьара а вер ву-кх, Хьан мостагӀ холчу а хӀуттур ду-кх.

Ахь суна геч ца дахь, Хьуна дукхавезаш верг холчу хӀуттур ву-кх, Хьан мостагӀчунна хаза а хетар ду-кх, Хьан лай хӀаллак а хир ву-кх.

Хьо тӀех комаьрша ву-кх, Хьайна дукхавезаш верг холчу ца хӀоттийта, Хьайн мостагӀ реза ца хилийта, Хьайн лай хӀаллак ца хилийта.

ХӀай сан Дела, шайна юккъера цхьа эла дӀаваьлча, цуьнан коша тӀехь цуьнан леш маьрша буьтуш Ӏадат леллера-кх комаьрша хиллачу Ӏаьрбошна юккъехь. Ткъа хӀара Ахь дерриге а Ӏаламна ваийтина эла вар-кх, кхуьнан коша тӀехь маьрша витахь со жоьжахатин цӀарах».

**Ӏаьрбийн маттера гочдинарг – Хабаев ИсмаьӀал**

---

Айхьа дина, цкъа хьуо тӀехула дехьаваьлла долу тӀаш доха ма делахь, цхьана дийнахь хьо кхин цкъа а цу тӀе юхава́н везаш хила тарло хьуна. Юкъаметтиг йохо, уьйр хадо атта ду хьуна, амма ла́н дезарг ла́н а ловш, собаре а хуьлуш, юкъаметтиг дӀакхехьа а, уьйр латто а синна хала хӀума ду хьуна. Ӏуьйре – собар хуьлда хьан!

**Джа́сим МутӀаввал**

---

«Хьан сино хьо Ӏесалле кхайкхахь – цу Ӏесаллин вон тӀаьхьало (чаккхе) дагаяийта ахь цунна».

**Имам Ибн Къуда́ма**

Тагаев Сайд-Хьасан

ВАЙН СИЙПАХЬ ВЕТЕРАНАШ

# Даймехкан тӀеман дакъалацархо
## БОЛОТБИЕВ РАМЗАН

Сийлахь-боккхачу Даймехкан т1еман дакъалацархо Болотбиев Рамзан Девкар-Эвлахь вехаш ву. Иза х1инца чу-аравалар башха атта долуш вац, могашалла хьалхалерниг яц шен бохуш. Шен 92-чу шарахь мел гинарг а, ша цхьаъ висича, юх-юха а карладуьйлу цунна. Дуьхьалтуьйсу technically бералла, да-нана, гергарнаш, юха ша т1аме вахар а, цигахь гина буьрсалла а, къизалла а.

Воккхачу стеган дахарехь дуккха а дисина байттамаллаш а, дагахьбалламаш а... Цу заманара нах, мел яккхий халонаш т1е1иттаяларх, адаман юьхь ца йойуш баьхна, церан марзонаш тахана а ца хаьдда Рамзанах. Дикачух масал а оьцуш, даха 1ама деза вай бохуш, дийцира цо тхуна. Вонаш дохо а, эшо а, вайн кегийрхойн а, къоман кхане а 1алашъян вайн коьрта 1алашонаш хила езар билгалдохура шен къамелехь къаночо.

Нохчийн историн ирсан сирла аг1онаш башха дукха хилла яц. Вайн хьекъал а, сий а долчу ларамечу къанойн яхь а, оьздангалла а къоначара схьаэцахь, вайн къоман кханене сатуьйсийла ю. Ткъа Болотбиев Рамзанан дахар вайн къоман оьздачу, доьналлечу адамийн дахаран б1аьрла цхьа масал ду. Дала дуккха а бахабойла вайн сийлахь ветеранаш, беркате къаной! Бакъдуьнена д1абирзанчарна Дала гечдойла!



Петирова ПетӀамат

ХӀора шарахь юх-юха карладуьйлуш, хӀора шарахь керл-керла бакъдерш тӀе а кхеташ схьадогӀуш ду кхузткъе кхойтта шо хьалха вайн къам махках доккхуш вайн дайшнаношна гина Ӏазап. Бераллехь баккхийчийн къамелашка ладоьгӀуш башха чевне а ца лорура и – хьажахьа, яа хӀума хьу…

Кхойтта шо зама… беха некъ…

И шераш-м дуккха а беттанех лаьттий, беттанаш – денойх, ткъа некъаш – чаккхармех…

Оцу дуккха а долчу деношца, бехачу некъаца мел йиш йоьхна, декъаза ойланаш йина хир ю, мел баланаш листина гӀелонна шаьш хӀаллакьхиларна кхийрина а хир бац уьш, уггар боккха кхерам, шайн бакъ юьхь ларъян ницкъ цакхачар хилла хир бу церан… Ерриг ойла цунна тӀеерзийна а хир ю…

Мичча дигахь а Дела воцчу ца дуьгу вай, вайн эвлаяаш а, устазаш а хьийзийна, махках а баьхна, Дала Шена дукха дезначу халкъана и зен баланаш лур бу аьлла ду, вайн къам Далла дукха дезаран билгало ю вайна тӀехӀиттина халонаш а бохуш, ойла Далла гергахь латтош, цунах шайна маслаӀат дина, шайн дайн синош холчу ца хӀитто, царна хьалха юьхькӀайн хӀитта нигаташ деш гулдина цара шайн собар… Цо царна гӀо а дина… Эзарнех зерех, халонех чекхдаьлла вайн къам шен амалх ца духуш. Хилла гергарлонаш чӀагӀлуш, керланаш дузуш, уьйр-марзонаш ца хедаш цӀа бирзина вайн дай цигара.. Ца бирзина кхолламо хьистина-м… вовшашка болчу лерамо, безамо хене баьхна-кх… таханлерчу дийне схьакхачийна-кх…

# *Къежъелла ойланаш, дуткъделла синош*

йоцуш, шелоно а, мацалло а гӀелбина хилла-кх уьш олий хетара, тӀаккха вуззалц хӀума а йиина, бовхачу метта хьала а ваьлла дӀавижча дицлора… Дуккха а баларш а хуьлура, нах дӀабохха а ца ларадора аьлча а тамашийна хетара, тхан бераллин шераш чулаьцначу оцу боццачу муьрехь хӀинца санна дукха ца хуьлура тезеташ, я башха тидам ца бо дела хетара а хаац… Амма кху тӀаьхьарчу шерашкахь гинчу тӀеман халонаша а, лайначу баланаша а кхин а тӀе карладохуш, кӀаргдеш, гергадалийна вайна и денош…

ХӀинца кхечу кепара го, лергашна хезна ца Ӏаш, сица хаало цу Ӏаьржачу баланийн хир бу церан коьрте… Стенга? ХӀунда? Йист ян а юй те кху некъан? Нагахь и йист елахь а, мичахь? ХӀун хьоьху те кху некъо а, кханалерчу дийно а? Кхин цхьана дийнахь сатоьхча, кхин цхьана сохьтехь собар тоьъча… йохьах ца доха, доьналлех ца хада… Цхьа йист йоцуш хӀума хила йиш ма яц… цхьа чаккхе йоцуш некъ а ма бац…

Вовшийн бӀаьра хьовса а ца баьхьаш… вовшийн бӀаьргашкахь цатешам, дохар гарна кхоьруш… тӀаккха и дохар шайга а кхачарна кхоьруш… стешхалло доьналлина тӀехь толам баьккхича шаьш хӀаллакьхиларна а кхоьруш…

ХӀан-хӀа, мацалла, шелонна,

# ДЕНЬ ПАМЯТИ И СКОРБИ

**В РИУ им. Кунта-Хаджи состоялось мероприятие, посвященное дню памяти и скорби народов Чеченской Республики. Преподаватели и студенты совершили обряд зикр, после чего собравшиеся прочитали дуа жертвам депортации 1944-1957 г., двух войн и сотрудникам правоохранительных органов, погибших при исполнении служебных обязанностей.**

В своей речи перед собравшимся Ректор РИУ им.Кунта-Хаджи Абдурахим Мутушев отметил, что последние столетия принесли нашим предкам и современникам много горя и страданий. Уничтожались города и села. Многих известных людей, среди которых были великие устазы, алимы и религиозные деятели, сажали в тюрьмы. Навсегда в нашей памяти останется депортация в Сибирь и Среднюю Азию, а также последние две военные кампании, которые принесли нашему народу большие беды и разрушения. Мы хотим, чтобы молодое поколение не забывало и чтило память об этих трагических днях. Вспоминая Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова, Абдурахим Абдул-Межитович отметил, что каждый день его жизни был посвящен своему народу, поэтому сегодня его везде вспоминают добрым словом. Он заплатил своей жизнью за мир на нашей земле и навсегда вошел в историю. Благодаря Ахмату-Хаджи и погибшим на его пути в борьбе с террористами нашим сотрудникам, мы сегодня живем в мирной процветающей республике, имеем возможность развиваться и строить счастливое будущее. (Дала г1азот къобалдойла церан). К завершении мероприятия в столовой университета состоялось угощение (саг1а).

*Пресс-служба РИУ имени Кунта-Хаджи Кишиева*

# ПОЧТИЛИ ПАМЯТЬ ПЕРВОГО ПРЕЗИДЕНТА ЧР

10 мая, в день памяти и скорби народов ЧР, а также в преддверии священной ночи Бараат (Ляйлатуль-Бараат), в Гудермесском районе, как и во всех районах Чеченской Республики, прошла крупная благотворительная акция, посвященная памяти Первого Президента ЧР, Героя России Ахмат-Хаджи Кадырова. Организатором данной акции выступил Региональный общественный фонд имени Первого Президента ЧР, Героя России Ахмат-Хаджи Кадырова под руководством Президента РОФ Аймани Кадыровой. Жители республики, малоимущие и многодетные семьи, в качестве садака получили продукты питания: сахар, мука, рис, мед, куры. Совершили также религиозные обряды зикр и мовлид.

Национальный Лидер Ахмат-Хаджи Кадыров навсегда вошел в историю как истинный мусульманин, выдающийся политик, духовный лидер, отдавший свою жизнь во благо своего народа. Его героический подвиг, предопределивший мирную и созидательную жизнь для многих поколений, бесценен.

*Пресс-служба ДУМ ЧР*

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

№ 9 (386)
Исламан зІаьнарш أشعة الإسلام
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»
Дала бакъо толайойла! Кадыров А.-Х.

# Нохчийчоьнан имам – Воккха-Хьаьжа

Воккха-Хьаьжа, Сесанара-Хьаьжа, Хьаьжа-Индаре, Ташу-Хьаьжа. Уьш ерриге а цхьана эвлаян цІерш ю. Цуьнан бакъйолу цІе Ташу-Хьаьжа хилла. Оьрсийн хьостанаша билгалдаккхарехь, иза Дагестанерчу гІумкийн Эндери эвлара схьаваьлла ву. Амма и шеконе дуьллу Ташу-Хьаьжина тІаьхьа хІиттинчу цхьаболчу нохчийн мурдаша. Цара и Нохчийчуьра вахана хилла боху Эндери-эвла.

Шеко йоцуш дерг цхьаъ ду: Дагестанехь гІараваьлла волчу Мохьамадал ЯрагІис бусалба дин Іамийна ву Ташу-Хьаьжа. Цуьнан дуьненгІе валарх, бераллех, тайп-тукхамах, гергарчарах лаьцна материалаш ца карийра тхуна, оьрсийн дукха документаш, нохчийн шира тептарш кегорах. Бакъду, 2008-чу шарахь Іаьрбийн маттахь зорбатоьхначу жайни тІехь хьахийна ду: І8І0-чу шарахь шен устаза Мохьаммадал ЯрагІис шена билгалйинчу нохчийн цхьана юьрта веара Индарера Ташу-Хьаьжа. Оцу юьртахь, цунна накъост, гІоьнча хир ву аьлла, билгалвина, Сесанара аренга охьавеана, юьртахоша лоруш, вехаш-Іаш цхьа стаг вара. Цунна тІевоьссира Ташу-Хьаьжа. ХІусамдена бийцира цо ша арабаьккхина некъ. Нохчийчохь бусалба дин цІандар, чІагІдар дара цуьнан коьрта декхар, аьлла.

Нохчийчохь даьржина ши тІарикъат ду: къадирин, накъашбандийн.

Къадирин тІарикъат Нохчийчохь а, Къилбаседа Кавказехь а даржийнарг Иласхан-Юьртара Кунта-Хьаьжа (Хьаьжа) ву. Мохь туххий зуькар деш, тІараш детташ, гонехь Іамал ечу къадириййатех къаьсташ бу, го бина охьаховший, меллаша зуькар деш, тийна дуьненахь Далла хастам беш болу накъашбандин тарикъатан декъашхой. Хаваж-Бауддин Накъашбанди ву и тІарикъат дуьххьара даржо долийнарг.

Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна)



тІекхаччалц хьалайоьдуш ю и ший а тІарикъат кхайкхош хиллачу Іелимнехан силсил.

Оцу «силсил аз-захІабийят» олучу «дашочу зІенан» чІагаршна юкъахь хьакъ йоллу меттиг дІалоцу Къилбаседа Кавказехь и тІарикъаташ даржо долийначу гІазгІумкичо Мохьаммадал ЯрагІис. Цунна тІаьхьахІиттинчу Іелимнахах бу Сесанара Ташу-Хьаьжа, Сиржа-Эвлара Умалт-Шайх, Зандакъара ГІеза-Хьаьжа, кхиберш.

Мохьаммадал ЯрагІис Ташу-Хьаьжина тІедиллина хилла накъашбандин тІарикъат Нохчийчуьра Анапе кхаччалц долчу латтанашкахь довзийтар, даржор, цунна леррина бакъонаш, шайхан дарж луш.

Ташу-Хьаьжин васт ша-тайпа къаьсташ ду нохчийн эвлаяашна юкъахь. Иза динан да хилла ца Іаш, гІараваьлла тІемало хилла. Таймин Биболатан цІе политикин хьаьрмахь хьехор лахлучу І830-чу шерашкахь лата болало Ташу-хьаьжин сийлаллин седа.

І830-чу шерера І843-гІа шо кхаччалц болчу муьрехь Нохчийчохь, Дагестанехь дІахьочу къоман паргІатонехьа болчу къийсамехь имам Шемалца цхьаьна оьрсийн документашкахь хаддаза хьехош ю Ташу-Хьаьжин цІе. Ташу-Хьаьжа Іеламстаг хиларе хьаьжжина, бусалба дин Къилабседа Кавказехь даржор шен декхар хеташ хилла цунна. Кавказехь накъашбандин тІарикъат дуьххьара юкъадаьккхинчу гІараваьллачу гІазгІумкин шайхан Мохьаммадал ЯрагІин мутаІелам хилла ву иза. Имамашна ГІеза-Махьмина, Шемална гІазотан идеологи йовзийтина, церан хьехамча ву Мохьаммадал ЯрагІи.

Къоман маршонехьа латточу къийсамехь яккхий новкъарлонаш йора нохчашна юкъахь яьржинчу вочу амалша: къаркъа мийларо, томка озаро, кегийрхой баккхийчаьрца эвхьазбийларо, цхьаболчу мехкарийн маьттаза леларо, гІиллакхаш цалараро.

Оцу хьолехь вуно ледара даьллера дин лелор, ламаз-марха лардар, бусалба нехан сийдар. И дерриге а нисдан оьшуш дерг луьра низам дара. Адамийн дог-ойла гІатто, уьш шайн къийсамехь чІагІбан бусалба динан хаза гІиллакхаш марздан дезара. Кегий нах ийманехь, оьздангаллехь кхио безара. Ламанца, аренца йолчу нохчийн ярташкахь бусалба дин чІагІдан волавелира Ташу-Хьаьжа, даима шена уллохь Девкар-Эвлара Уди-молла волуш.

***Хатуев Іабдул-Хьамидан жайни тІера***

Заурбеков Мас1уд

# ГУЬМСАН КІОШТЕХЬ

СКФО-н 1елимнехан кхеташонан куьйгалхо а, «Исламан з1аьнарш» газетан редакцин декъашхо а волчу, вевзаш волчу 1елимстага Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас т1едилларца, 23-чу апрелехь со хилира эвлаяан Ташу-Хьаьжин (Воккха-Хьаьжа) ц1арахчу Гуьмсан к1оштан коьртачу маьждигехь.

Со теш хилира оцу эвлаяан беркатца бусалба наха цуьнан ц1арахчу маьждигехь деш долчу дикачу, Дела реза хинволчу г1уллакхийн. Делан Сийлахь Калам – Къуръан – 1амош 200 сов бер ду кхузахь.

Царна хьоьхуш, и меле г1уллакх шена т1елаьцна къахьоьгуш ю дика йо1 Шах1адат. Оцу дийнахь шен мута1еламашца цхьаьна кечбина беана тайп-тайпанчу кхачанех кхетийтира 200 сов бусалбанаш.

Дикачу х1уманна юкъ йихкина, д1ах1оьттина лаьтташ ву кхузахь маьждиган г1уллакххо Цадаров Замид. Цо дийцарехь, школашкахь дешаран шо чекхдаьлча, каникулашкахь 300 сов бер хир ду кхузахь Къуръан деша 1емаш.

Оцу дийнахь маьждиган



имаман г1уллакхаш кхочушдеш вара 1елимстаг Албеков Ал-Мохьмад. Цуьнан дахаран некъ бовза лиъна, деха къамелаш дира охашимма. Цхьа шо бен дац Ал-Мохьмад кхузахь имам волу. Шен 20 шо кхаьчча, 1988-чу шарахь эскарехь г1уллакх дина ваьлла, ц1а вирзича, 1993-г1а шо кхаччалц юьртарчу маьждигехь имам лаьттира иза. Цул т1аьхьа Малайзи пачхьалкхехь бусалба 1илма 1амош университет а, цул т1аьхьа аспирантура а, докторантура а чекхъяьккхина, исламан 1илманийн доктор ву Ал-Мохьмад.

Маьждиган имам волчу Мохьмад-Эмис аларца веана Ал-Мохьмад кхуза имам, х1ора к1ирнах цхьана дийнахь – к1ирандийнахь – имамалла деш ву. Вуьшта, массо а дийнахь, коьрта болх, Соьлжа-Г1алахь йолчу эвлаяан Кунта-Хьаьжин ц1арахчу университетехь хьехар бу.



Маьждиган коьрта имам ву Мелчхера Асламбек, иштта цхьацца дийнахь имаман г1уллакхаш кхочушдеш бу кхузахь: Рег1ат1ера Асвад, Джалкхера Муса, Гуьмсера Мохьмад-Эми, Ахмедов Анзор, Бенара Мохьмад-Салахь.

«Делан къинхетамца, Киши-Хьаьжин ц1арахчу университетехь хьеха аьтто баьлла, боккха кхаъ хеташ вара со, ткъа х1инца иштта кхаъ бу суна везачу эвлаяан Воккхачу-Хьаьжин ц1арахчу маьждигехь имамалла деш хилар», – элира Ал-Мохьмада, шен къамел дерзош.

Гуьмсан к1оштан къеда





ву Абдулмуслимов Амир. К1оштан мехалле йолчу массо а мероприятешкахь дакъалоцуш ву иза. Масала, х1окху т1аьххьарчу к1ирнах Амира дакъалоцуш, Джалкха юьртахь кешнаш ц1андира. Меттигерчу дешаран урхаллин белхахоша вовшахтохарца, к1оштан культурин ц1ийнехь заь1ап берашца цхьаьнакхетар а хилира к1оштан къедин. Сих-сиха к1оштан куьйгалхочуьнца Оздамиров 1усманца, цуьнан накъосташца а, цхьаьна Сесанарчу Воккхачу Хьаьжин зерате а х1уьтту уьш.

Рамзан Мустаев

# Ислам и спорт неделимы

С убедительной победой возвратились со Всероссийской спортивной спартакиады среди исламских образовательных учреждений учащиеся медресе имени Ташу-Хаджи Аль-Индарий селения Нижний Нойбера Гудермесского района.

Воспитанники исламской школы под руководством известного богослова Ансара Хетиева становились победителями исламских олимпиад по



чтению Священного Корана и шариатских наук. И на этот раз вновь доказали, что они первые. В Саранске воспитанники Ансара не оставили надежды на победу соперникам по спортивным дисциплинам, такие как мини-футбол, легкая атлетика. Очередной раз они своим примером показали важность и значимость спорта в жизни мусульман.

Директор медресе выехал со своими воспитанниками на соревнования. Он каждый раз напоминал своим наставникам, что спортивные состязания – это средство взаимоуважения людей. Подбадривал всех спортсменов перед соревнованиями на победу.

Они в свою очередь вложили максимум усилий, чтобы доказать своим примером, что победу завоёвывать надо не на полях сражений, а на спортивных аренах.

Отрадно, что победа воспитанников школы Гудермесского района послужит примером для многих учащихся исламских образовательных учреждений.

## Ламазан хенаш (Май)

| денош | фаджр | Іаср | магІриб | Іишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 03:23 | 16:02 | 19:02 | 20:35 |
| 2 | 03:21 | 16:03 | 19:04 | 20:36 |
| 3 | 03:19 | 16:04 | 19:05 | 20:38 |
| 4 | 03:18 | 16:06 | 19:06 | 20:40 |
| 5 | 03:16 | 16:08 | 19:07 | 20:41 |
| 6 | 03:14 | 16:08 | 19:08 | 20:43 |
| 7 | 03:12 | 16:08 | 19:09 | 20:44 |
| 8 | 03:10 | 16:08 | 19:11 | 20:46 |
| 9 | 03:09 | 16:08 | 19:12 | 20:48 |
| 10 | 03:07 | 16:08 | 19:13 | 20:49 |
| 11 | 03:05 | 16:08 | 19:14 | 20:51 |
| 12 | 03:03 | 16:08 | 19:15 | 20:53 |
| 13 | 03:02 | 16:08 | 19:16 | 20:54 |
| 14 | 03:00 | 16:08 | 19:17 | 20:56 |
| 15 | 02:59 | 16:09 | 19:19 | 20:57 |

**DІахьош ду«Исламан зІаьнаршка» яздалар!**

**Ткъе ялх шо ду «Исламан зІаьнарш» цІе йолу бусалба динан газет вайца долу. Газето вайна довзуьйту динан баххаш, парзаш, суннаташ, вайн эвлаяийн дахар, дуьйцу вайн хаза гІиллакхаш, ламасташ…**

**Иштта, газетан агІонаш тІехь довза йиш ю вайн махкахь дехачу сийлахьчу, дикачу адамийн хаза гІиллакхаш а, церан дика масалш а…**

**Вайх хІораннан а таро ю «Исламан зІаьнаршца» гергарло таса, цунах дагадовла, цуьнга дагара дийца…**

**Язде «Исламан зІаьнаршка», язло «Исламан зІаьнаршка»!**

**Газете язваларан мах – эхашарна кхо бІе кхузткъа сом (360 сом), шарна – ворхІ бІе ткъа сом, (720 сом)…**

Лараме газетдешархой, дІахьош ду «Исламан зІаьнарш» газете язвалар. Газетан индекс: 54 928

Исламан зІаьнарш أشعة الإسلام ГУ «Республиканская газета «Зори Ислама»
Газетан бух биллинарг Заурбеков МасІуд
Коьрта редактор Заурбеков М.М.

Газет диллинарг/арахоьцург: НР-н къоман политикин,арахьарчу зІенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 364060, ЧР,Соьлжа-ГІала, Дудаевн цІарах бульвар,радион цІа
Редакцин адрес: 364014, Соьлжа-ГІала, Маяковскийн урам, 92
Телефон: 8-928-088-85-50
Тхан интернет-почта: zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: 54 928

Газетан верас Кадыров Хож-Ахьмад-хьаьжа
Газетна регистраци йина зІенан, хаамийн технологийн, шуьйрачу коммуникацийн декъехь терго латторехула йолчу Россин Федерацин федеральни службехь 2015-чу шеран І-чу декабрехь
Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла
ПИ № ТУ 20-00110

Редакцин кхеташо:
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан Іелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев, П. Петирова, Л. Арсалиева
Ответственная за выпуск – П.Р.Петирова
Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь батьтахь шозза, еариденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 10.05.2017 шо. 15:00.
Зорбанна куьг яздина хан 10.05.2017 шо. 16:00
Заказ №
Зорбатоьхна ГУП ИПК «Грозненский рабочий» типографехь. Типографин адрес: 364021, Соьлжа-ГІала, Интернациональни урам, 12/35
БИННА МАХ

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!